


OU KWÈ SA?

 E anvan nou priye, mwen ta renmen di sa, ke yè swa, mwen kwè se te sa, mwen te di yon dam, “Si nou ta jis fè jan yo montre nou pou n fè a, sa t ap . . . bebe ak tèt dlo anfle a, sa t ap retresi.” E tèt bebe a te retresi, yè swa, de mwaye yon pous ak mezi yon fisèl. Alò dam lan te mennen l isi a kounye a.

2 Kounye a, rezon m te fè sa, sè, se pou yon bi. Ou wè? Si w te ka wè yon bagay konkrè rive, sa t ap ogmante fwa w pou kontinye kwè sa. Pafwa mwen fè sa jis pou, petèt, tankou mande moun lan pou leve kanpe, fè yon pa oswa de, bouje men l yo, jwe dwèt li, jis yon bagay ke yo ka fè yon lòt fason, jis pou fè yo wè ke tout bagay byen nèt. Yo jis vin sou tansyon pou ap panse ke sa pa pral rive, men sa rive tout tan. Ou wè? Sa dwe rive.

3 Konbyen ki vle yo sonje yo nan lapriyè, kounye a? Èske w ta vle jis leve men w epi di: “Seyè, akòde l”? Annou koube tèt nou.

4 Seyè, antan n ap tandè bon vye kantik legliz sa a la, presye frè m Paul Raider te ekri a, “Kwè Sèlman,” n ap panse kounye a a yon ti gason, ke zansèt li yo te pote bay disip yo, pa plis ke dis jou apre Jezi te ba yo pouvwa pou chase demon epi geri malad yo, e la yo te sibi defèt konplètman nan yon ka epilepsi. E yo te wè Seyè nou an ap vini. E papa a te kouri epi li te di: “Seyè, gen pitye pou nou. Pitit gason m lan toumante seryezman ak yon demon. Mwen te mennen l bay disip Ou yo e yo pa t kapab geri l.”

5 Jezi te di: “Mwen kapab, si ou kwè. Kwè sèlman.” O Bondye, Ou pa chanje yon ti kras depi lè sa: Ou se jis menm Bondye damou an, dous, ak konpasyon. Jan Ou te ye yè, se konsa Ou ye jodi a. E Seyè, tankou papa sa, nou tout kriye: “Seyè, vin sekouri enkredilite nou an.” Sa sitèlman senp; nou jis ap bite sou li, Papa.

6 Nou vle ofri Ou remèsiman ak lwanj poutèt Ou te touche ti bebe sa a yè swa, nou wè ke kràn tèt sa a, ki te anfle, sa vle di, ke zo a te pouse soti, li te desann de mwaye yon pous yè swa. Nou rekonesan pou sa, Papa. Lè nou konnen ke doktè nou yo pa gen anyen nan rechèch yo pou sa, pa gen anyen ke yo ka fè pou li; men Ou toujou Bondye, Mèt tout sitiyasyon yo. Nou remèsye Ou, Papa. Nou remèsye Ou pou lwayote manman sa a, epi dousè li, epi obéisans li pou pote fisèl la tounen epi kole l sou moso papye sa a, isi a, pou montre piblik la temwayaj li pou glwa Bondye. Ke pitit li a viv pou vin yon timoun nòmal, pou glwa Ou.

7 Gade tout men sa yo ki leve, Papa. Yo chak gen yon bezwen. Pa m lan leve, tou, Papa, mwen nan bezwen. E men anpil isi a, sou fòm lèt oswa nan bwat sa a, ki gen bezwen, moun ki reyèlman nan bezwen. Pèmèt sa rive, Seyè, ke yo chak va resevwa demann pa yo aswè a. Ke yo pran temwayaj manman sa a jis tankou yon egzanp

pou montre ke lè Ou di nenpòt bagay, se fini. Se . . . Ou . . . Tout sa n gen pou fè se resevwa l epi aji sou li. Se yon travay ki fini.

⁸ Akòde, Seyè, ke chak nan lèt sa yo ak mouchwa sa yo, sou moun yo va poze yo, ka geri. Tout moun ki te leve men pa yo, Papa, ke yo resevwa dezi kè yo. Nou mande l, lan Non Jezi. Amèn. Ou mèt chita.

⁹ Mwen te vle montre nou fisèl la isi a, ke dam sa a (Men li. Umhum.) . . . ke tèt ti bebe a te vrèman retresi jan Seyè a te pwomèt nou pa Sentespri a yè swa. Èske Li pa mèveye? Alò, sa ban nou anpil kouraj pou gen lafwa e pou kwè.

¹⁰ Bon, lè Jezi te di pyebwa sa a, nan Mak 11:23: “Pèsonn p ap janm manje fwi w yo ankò,” Li ka petèt pa t leve vwa. Ebyen se tankou, franchman, sa te sitèlman fasil pou Li, jouk disip Li yo te jis . . . Mwen panse youn ladan yo te tande L. E sa . . . Lè epileptik sa a, lè li te vini devan Seyè Jezi, ti gason an te gen pi gwo kriz ke l pa t janm genyen; petèt, li te tonbe atè kòm si l te mouri, men li te reyalize ke li te rankontre yon Moun Ki te gen lafwa depase apot yo byen lwen.

¹¹ Kounye a, m ta renmen yon moun ki pa t kwè nan gerizon Divin obsève sa. Jezi te ba yo pwisans pou chase espri yo, e yo te echwe. Se pa pwisans la ki te echwe, men yo te echwe. Jezi te di yo:

“Poukisa nou pa t kapab chase l?”

Li di: “Poutèt enkredilite nou.”

¹² Legliz la toujou gen pwisans. Bondye pa janm retire pwisans Li nan legliz, men legliz pa gen lafwa ase pou aji sou li. Se tou. Se osi senp ke sa. Nou eseye rann li sitèlman konplike pafwa, men plis ou rann Levanjil la senp, plis w ap genyen reyalyte a, lè w jis vin vrèman senp avèk sa: Bondye di l; se regle; epi se tou. Epi jis kwè l, kontinye pi devan.

¹³ Lè Jezi te di: “Pèsòn pa gen dwa manje fwi w,” ebyen, fèy yo te mèt jis osi bèl pou ap briye jan yo te janm ye. Ekòs la te gen menm aparans lan, men byen fon anba tè a nan rasin sa yo, lavi te kòmanse pati.

¹⁴ Se konsa sa ye pou yon kansè, pou nenpòt kalite maladi ke—ke ou ta vle panse. Lè w ka aksepte Pawòl Bondye, jouk byen fon nan rasin yo, kansè a ka la petèt; men pa w ka petèt jis osi rèd. Sa pa gen anyen pou wè ak gerizon Divin. Se: “Si w kapab kwè.” Ou wè? Jouk anba a yon kote, travay la te deja kòmanse.

¹⁵ Jezi di: “Si w di montay sa a, ‘Deplase,’ epi ou pa doute nan kè w, men ou kwè sa w di a gen pou rive, w ap wè l rive vre.” Èske sa pa bèl? De Kimoun sa vini? De Pitit Bondye a, Sila Ke Pawòl yo . . . Syèl ak tè a va pase, men kounye a . . . men Pawòl Li p ap pase.

¹⁶ Kounye a, sèl fason ou ka fè sa, ou dwe gen bon objektif ak bon motif la. Bon, si m soti isit la epi m di: “Mwen pral montre w

mwen ka deplase montay sa a, ‘Montay, deplase.’” Li pa t ap janm deplase. Sètènman pa. Kèlkeswa sa m te genyen an. Sa dwe . . . Dabò ou dwe jwenn volonte Bondye.

¹⁷ Se pou rezon sa a, dabitid nan liy priyè yo, mwen—mwen gen ka ki pi difisil la, se paske se yon bagay ki travèse liy yo e latrkiye, epi se la sa rebondi sou ou. Men ou wè, si w gen peche ki pa konfese . . . Èske w janm remake yon ka, anvan m mande move lespri a pou l pati? Mwen obsève ka sa a vrèman pou m sètèn ke pa gen anyen nan vi sa a ki ta deranje kwakseswa, ou wè, paske sonje, ak don sa yo, ou ka tonbe nan twoub avèk yo.

¹⁸ Bondye, ou sonje yon fwa, te bay yon pwofèt . . . te fè yon nonm pwofèt, Moyiz, e Li te di l pou desann, pale a wòch la. E pwofèt la te tou eksite, e li te ale, epi li te frape wòch la, sa ki t ap pale de feblès Kris la, ke L ta gen pou mouri dezyèm fwa a oswa frape dezyèm fwa a. Li te gen pouvwa pou l fè l vini, men se pa t volonte Bondye.

¹⁹ M pa t janm ka kwè ke se te volonte Bondye pou Elize antan l t ap mache, paske timoun yo t ap takinen l poutèt li te chòv, m pa kwè li te dwe fè sa. Men li te yon pwofèt, e li te an kolè, e li te modi timoun sa yo epi de lous femèl te touye vennde timoun inosan. Ou wè? Men m pa kwè li te dwe fè sa. E se jis—jis . . . nou . . .

²⁰ Bondye, mwen kwè jodi a, anvan L mete pwisans Li nan legliz, Li teste legliz Li pou wè kisa l pral fè.

²¹ Nou . . . pwochenn fwa, petèt, si Seyè a vle lè m retounen, nou va gen tan pou n rete sou yon bagay konsa, sou yon bagay ki prèske rive, epi nou va konnen pi plis sou sa lè sa.

²² Men si ou jis ap pwononse pawòl la, ou di: “Seyè, mwen kwè l,” pa doute, pran sa serye nan kè w . . .

²³ Bon, ann di pa egzant, mwen te nan yon vale, e mwen pa . . . m ap preche a dè milyon de moun, men jis a travè montay la laba a, gen yon gwoup ki gen yon santèn moun, e y ap mouri san yo pa konn Kris. Ebyen, mwen gen yon milyon isi a pou preche, men poutan, yon Bagay ap di m nan kè m, “Travèse bò kote moun sa yo. Al jwenn yo. Y ap peri.” Mwen pa vle ale mwenmenm, men poutan gen yon Bagay nan mwen. Ou wè, se Bondye alò, k ap ajì. Gade kisa objektif la ye, gade kisa k motif pou ale a, pa pou pwòp tèt pa w . . . Kounye a, si mwen di: “Ebyen . . .” Si objektif mwen se jis pou ale laba a, men apre sa mwen leve isi a epi men yon gwo montay, mwen di: “Ou konnen, si mwen travèse montay sa a epi sove tout santèn moun sa yo, yon jou y ap mete yon estati la a: Frè Branham, gran misyonè a.” Kounye a, motif mwen pa jis. Montay la p ap tonbe. Non, mesye.

²⁴ Men lè motif mwen ak objektif mwen jis, epi Bondye ap gide m nan kè m, epi si mwen pa ka pase anlè montay la, alantou montay la, anba montay la, m ta di: “Montay, deplase.” Petèt li . . . Lè m di sa, e san m pa di anyen pi plis avèk bon kalite espri sa a, Sentespri a ap kondwi, nan volonte Bondye, ka pa gen yon

sèl ti kiyè nan montay sa a ki tonbe, men sa nan wout. Jou apre a ta ka gen de liv ki tonbe. Nan jou apre a yon ka nan yon tòn. E petèt nan yon mwa, senk tòn tonbe. Kisa sa ye? Petèt ou ka poko menm wè l, men l ap bouje, li nan wout. M ap rete la menm epi gade bagay la k ap akonpli, paske Bondye di li epi sa regle senpleman.

²⁵ Èske w ka panse sa konsènan manman pa w ki la aswè a? Dakò, si w panse sa, l ap geri. Dakò. Sa se jis si ou kwè l: jis pwononse pawòl la epi rete avè l. Ou wè? Sèlman kwè l; atache w avè l. Se Lavi Etènèl.

²⁶ Kounye a, demen apremidi . . . mwen di Billy, aswè a, jis bliye kat pou lapriyè yo, epi mwen te vle pale. M ap konfese, an verite, mwen te pati depi janvyè, lòtbò dlo, epi mwen te retounen, Phoenix, jis lakay mwen, mwen retounen, epi konplètman nèt (nan disènman sa a) jouk mwen sitèlman fèb ke mwen apèn rekonèt kote m kanpe pafwa. Sa prèske fini avè m.

²⁷ Epi, mwen gen pou m pati, e yo . . . noumenm—noumenm frè yo te envite m pou m rete pou kèk jou ankò. Ala mwen apresye sa. Mwen sètènman panse ke se yon bèl gwoup minis ki isit la. Mwen swete nou ta ka gen plis tan pou n fratènize. Si Seyè a vle, mwen va retounen yon lòt fwa. Okenn lòt bagay, jis soti nan yon legliz ale nan yon lòt pou ap sikile nan vil la epi vizite nou tout. Mwen ta kontan fè sa: nenpòt sa m ta ka fè pou ede Wayòm Bondye a, sa se, si nou ta vle m fè sa. Epi retounen yon lòt fwa pou n rankontre epi òganize yon bèl, kokenn reyinyon yon kote.

²⁸ E sonje, frè yo, m ap priye pou nou. Sa se yon bagay sèten. E mwen vle nou tout priye pou mwen, nou tout.

²⁹ E kounye a, mwen—mwen se . . . Demen maten se sèvis legliz yo nan tout diferan bèl legliz sa yo nan vil la.

³⁰ Kounye a, kèk nan gwoup ki soti Jeffersonville yo isi a. Kèk nan zanmi m yo, youn nan administratè m yo nan legliz la, isi a, Frè Fred Sothmann. M pa t janm te ka wè l nan reyinyon an. E frè . . . O, anpil nan lòt frè m yo ki sot la nan Jeffersonville, pri- . . . sekretè m lan la e—tout isi a, kèkpa nan reyinyon an. Mwen poko wè yo ankò.

³¹ E frè, gen kèk bèl legliz isi a nan vil la. E tout rès noumenm vizitè yo, jwenn youn nan yo epi ale nan legliz sa yo demen. Yo va fè w di byen, mwen sèten. Yo se frè ki kwè nan jan de ministè sa a. Se pou rezon sa a yo chita isi a sou lestrad la epi anba nan plas yo isi a, paske yo kwè nan li. E mwen apresye mesye sa yo.

³² Seyè, beni chapit Òm Dafè Plen Evanjil sa yo isi a ki—ki parene reyinyon sa a. Genyen . . . mwen kwè se te kòrèk, ki te parene reyinyon an. Mwen—mwen ale nan anpil parenaj yo, paske ladann . . . Nou pa ta dwe konsa, men anpil fwa, frè yo abandone ti kras diferans yo: tankou yon nonm ki kwè yon ti *bagay*; yon lòt, yon ti *bagay*; sa yon jan krewe yon ti tansyon epi fè vye blesi ki pase lontan yo louvri; sa ta dwe geri nan moman

sa a, men sa—sa . . . E si nou, oswa, si mwen genyen Òm Dafè Plen Evanjil yo, alò kalite èd sa a ratache li, epi nou rasanble ansanm, epi nou gen vrè fratènite ansanm, jis vrè bon tan. E nou apresye sa. Se pou Bondye beni chapit sa a. Mwen kwè ke Bondye mete l la pou yon bi.

³³ Kounye a . . . epi mwen te gen gran privilèj pou m wè plas Frè Oral Roberts la lòt jou. E o la la, se yon gwo tonton plas, se yon bèl bagay. Se—se yon souvni pou komemore Lapannkot.

³⁴ Epi mwen t ale nan plas Frè Tommy Osborn lan, yon lòt bèl plas, yon òm de Dye mèveye, ki . . . Frè Tommy avè m nou byen pwòch, epi Frè Oral, tou, frè yo ki jis vrèman pwòch, epi nou renmen youn lòt, e n ap eseye fè mye nou pou n fè tout sa n kapab pou byen pèp la nan Wayòm Bondye a.

³⁵ Alò mwen sètènman apresye mesye sa yo ki isi a nan vil sa a nan mitan rès mesye presye sa yo nou genyen an. Noumenm brebi yo nou gen bèje ki mèveye. Mwen jis, m ap di l konsa. Priyè mwen se pou Seyè a kontinye avèk nou tout. E bon demen apremidi, mwen . . . Kilè sèvis la ap kòmanse, frè? Dezè trant. Ann di inè— inè oswa inè trant nou ta dwe isi a pou ke yo pa deranje rès sèvis yo.

³⁶ Bon, si ti mesye yo pa deja di nou, aswè a yo gen kèk liv, foto e latriye, ak kasèt, epi anrejistremant, ak . . . sou reyinyon an, e y ap vann yo. Men nou p ap kite yo vann yo jou Saba a, demen. Pa gen okenn liv ni anyen pou ki vann demen. Kifè nou p ap . . . nou pa t janm pèmèt sa. Menm si anpil di: “Ou nan erè tèrib . . .”

³⁷ Epi vye Papa Bosworth konn abitye di m: “O, Frè Branham, ou nan erè la,” men se konsa m santi m (Ou wè?), e mwen—mwen santi sa. Si w vle youn, yo ba w youn, men si w . . . Men nou pa ka vann jou—jou Saba. Non. Se tou. Si m kwè sa, mwen dwe viv li, jis . . . mwen dwe viv annakò avèk mwen menm. Ou wè? E mwen—mwen dwe viv annakò avèk konviksyon m e alò . . . Oswa ou ka kontakte nou lakay, epi, pase lakay, vini sou plas epi resevwa l.

³⁸ Bon aswè a, o, annou tout jis senpleman bliye sa, o, si gen nenpòt travay pou fè, oswa nenpòt lòt bagay, oswa difikilte jounen an. Ann mete tout bagay de kote, epi gade nan Pawòl la pou kèk minit, epi gade kisa Bondye ta vle pale avèk nou atravè Pawòl Li. E ke mwen priye pou Bondye va jis ba nou yon gwo ekstrèm benediksyon aswè a.

³⁹ Gene, èske w ka kidnape l pou mwen? Èske w ka kidnape tifi sa pou mwen? Èske li pa yon bèl timoun? Èske w ta renmen al lakay mwen avè m epi jwe ak ti Sarah m lan, ki anvivon otè sa? O, ou ta renmen sa? Mwen—mwen ta renmen pou w fè sa. Li jis apeprè grandè w, e li se pitit fi papa l. Hm—hmm. Hm. E mwen parye ou—ou renmen papa w tou, èske se pa vre? Se Manman w? O, sètènman wi. Tifi ki pi bèl la, mwen chita la ap gade l. Ti je l yo sanble ak de twou boule nan yon kouvèti ak—ak ti cheve bren l yo.

40 Mwen jis renmen timoun. Mwen gen de tifi lakay. Youn nan yo se Rebekah e lòt la se Sarah.

41 Isi a kèk tan pase, mwen te lwen. Toulède se ti pitit fi Papa yo, ou konnen, e mwen renmen yo. Epi osito ke m antre anndan mwen dwe pote yo sou do m, e . . . sèlman Becky te vin twò gran pou sa; li gran tankou m. Li ta kraze do m kounye a; li se . . . men li toujou pitit fi Papa l, antouka. E kounye a, nan yon lòt ane apeprè, nou vle mete l nan lekòl Biblik yon kote epi lwen lekòl piblik.

42 Epi, yo t ap tann Papa, ou konnen, pou vin lakay. Mwen te deyò nan reyinyon. E demen swa yo pral ret tann mwen jouk li minwi pou si m eseye antre. E alò, mwen te antre vrèman bonè nan maten, anviwon twa oswa katrè. E manman te vin nan pòt la epi l te kite m antre, e mwen te sitèlman fatige epi epwize, mwen . . . Isi a sou lestrad la, Mwen . . . lè . . . sou lonksyon sa fè w santi w byen, men yon fwa sa kite w, se la w vin nan twoub. Konbyen moun ki te janm konn sa? Ebyen, sètènman se sa.

43 Gade. Eli te monte sou montay la epi li te fè dife tonbe sot nan syèl la, li te fè lapli tonbe sot nan syèl la, epi lè Lespri te kite l, li te ere nan dezè a pandan karant jou epi Bondye te jwenn li, kache nan yon kavèn yon kote.

44 Jonas, li t ale desann epi li te rete vivan nan vant yon balèn pandan twa jou epi twa nwit, yo te krache l bò plaj la epi l te pati al preche. Tout vil la te repanti epi t al jwenn Bondye. Epi lè lonksyon an te kite l, li t ale sou tèt kolin lan epi l te mande Bondye pou pran lavi l. Ou wè?

45 Mwen te kanpe bò kot tonm William Cowper, sa pa fè lontan, se li ki te ekri kantik popilè sa a nou konn abitye chante nan sèvis kominyon nou an:

Genyen yon Sous tou plen ak San,
Ki soti nan venn Emmanyèl,
Pechè yo ki benyen ladann,

46 Èske nou te janm tandè kisa li . . . ki te rive l? Apre enspirasyon an fin kite l sou sa, li te eseye jwenn rivyè a pou l komèt swisid.

47 M abite jis lòtbò kote Vye Kay Kentucky a. E Stephen Foster te bay Lamerik chante gloriye ki pi popilè yo. E lè li te konn ekri, enspirasyon an te monte, sou enspirasyon sa a, li ekri yon chante, epi lè li soti anba l, l al soule tèt li. Lèfini, li rele yon sèvitè epi li pran yon razwa epi li te komèt swisid.

48 Moun yo pa konnen kisa moun sa yo k ap viv nan dimansyon espirityèl sa a ap travèse. Bon *isi a*, ou santi w ta ka deplase yon montay. Men jis kite lonksyon an kite w, epi konmanse soti nan pòt sa a (si yon moun pa la pou kenbe w, ou wè) epi, petèt pou kèk èdtan, ou apèn, ka mande w ki kote w ye. Epi swa apre swa, sa ap pran meyè pati nan ou.

49 E piti . . . Mwen vle pale w de ti Sarah ak Rebekah. Alò nan demen maten, m pa t ka dòmi, e m te leve, m te chita sou yon chèz, epi apre yon ti moman Becky, kòm se li k te pi gran, li te—te gen janm pi long ke Sarah, e konsa Becky te kouri vini . . . li te reveye, li te vòltije soti nan kabann lan, san l pa reveye ti sè l, epi men li ki t ap kouri travèse pyès la, ak tout vitès. Li t ap di: “Papa, Papa . . .” M te lonje youn nan janm mwen yo, epi li te sote antravè sou li, kenbe ekilib li ase byen. Yon jan tankou legliz modèn lan—lan, ou konnen, li te nan kous la sa fè lontan, ou konnen, depi plizyè santèn lane. Li te arive kenbe ekilib li ase byen, epi li te antoure m ak bra li epi li di: “O, Papa m, Papa m . . .”

50 Epi ti Sarah, akoz bwi a, te reveye. Ebyen, m pa konn si timoun nou yo konn fè sa, ou pa; pa m yo wi: pi jèn lan resevwa rad pi gran an fin itilize. E alò Sarah te mete pijama Becky, pye a te apeprè two long konsa, ou konnen. Epi men li ki te vini, yon ti bout fi tou kout, ki t ap tonbe, ki t ap kilbite. Epi li te rive la, on ti kras an reta. Alò Becky te retounen, li di: “Sarah, sè mwen, mwen vle di w yon bagay.” Li di: “Mwen te la anvan. E se mwen ki gen tout kontwòl. Kifè Papa se pou mwen nèt li ye e pa gen anyen ki rete pou ou.”

51 Se konsa kèk moun eseye panse konsènan relijyon, se pa vre? En-en. Se vre.

52 E pòv ti Sarah, ti po bouch li te pandye desann, epi ti je nwa li yo t ap gade m, epi li te pran kriye. Epi Becky te kole machwè l sou pa m, li te anbrase m. Mwen renmen l. Epi Sarah te konmanse al fè wout li paske Becky te pran Papa pou li nèt. Mwen te lonje lòt jenou an *konsa* epi m te fè l siy *konsa*. O, li te gen gete byen vit epi li te kouri, li te sote sou jenou m konsa . . . Li pat nan dekò a trè lontan epi janm li yo pat menm rive atè. Li te yon ti jan vasiyan (petèt, menm jan avè m, jis yon ti jan vasiyan, ou konnen), e li pa t . . . pa t kapab touche atè a. Li pa t yon gwo denominasyon, ou konnen, e li pa t kapab touche atè di a. Li pa t nan dekò a ase lontan.

53 E alò, li te yon jan ap vasiye, epi mwen te mete toulède bra m yo ozalantou li *konsa* epi mwen te anbrase l, e ti je nwa sa yo t ap briye, epi li te gade Rebekah. Li di: “Rebekah, sè m,” li—li di, “se petèt vre ke w gen tout Papa nèt, men mwen vle w konnen yon bagay: Papa genyen tout mwen nèt.” Kifè . . .

54 Sa se . . . Jis fason sa Li genyen m nèt. M ka pa gen enstriksyon pou mete gwo bagay yo an òd, men jis toutotan m konnen Li gen tout mwenmen nèt, nan vasiyman mwen an, jis kite L met de men L nan kou m, sa ap jis fè m santi m byen.

55 Ebyen, ann ofri yon lòt ti mo lapriyè ba Li anvan nou louvri Pawòl la.

56 Bon, Papa nou ki nan Syèl la, nou reyalize ke nou jis tankou timoun yo tou. E—e Ou renmen rete avèk nou, epi adore avèk nou.

E kòm n ap adore W, e Ou renmen nou, e Ou kenbe nou nan bra W, epi Ou voye Sentespri W la desann, epi Ou fè nou konnen ke Ou vivan e Ou se Papa nou, nou remèsye W anpil. Kounye a, pèmèt Sentespri a vin jwenn nou aswè a. Renmen chak kè, Seyè. Ban nou yon benediksyon frèch. Devèse gout woze mizerikòd Ou yo sou nou, Papa. Pa gade peche nou yo. Yo sitèlman anpil. Seyè, jis padonnen yo. Pa konte yo, Papa, epi jis pran nou nan bra Ou, e— e geri maladi nou yo, e—e netwaye nanm nou, epi afranchi lespri nou yo, Seyè, pou nou ka adore epi louwe W, ke nou vin tankou timoun k ap kouri alantou kay la, pou jis konnen ke Papa ap veye sou nou. Akòde l, Seyè.

⁵⁷ Kounye a, pèsonn pa gen abilite pou—pou entèprete Pawòl la. Nou reyalize sa. Jan te wè Liv la nan men dwat Sila ki te chita sou twòn lan, e pat gen pèsònn nan syèl, oswa sou latè, oswa anba tè ki te diy pou pran Liv la pou louvri l, oswa pou brize so yo. Epi men Ayo Bondye a ki te avanse, ki te imole depi fondasyon mond lan. E Li te diy. E Li te pran Liv la, e Li te brize so yo, e Li te louvri Liv la. O Ayo a, vini aswè a. Ouvri Liv la pou nou, Papa, alòske nou konte sou Ou, paske nou mande l lan Non Jezi, Ayo Bondye a. Amèn.

⁵⁸ Mwen chwazi, aswè a, yon ti vèsè Lekriti ki gen twa mo. Men dabò mwen vle li yon vèsè oswa de nan Sen Jan, chapit 11 lan kòmanse ak vèsè 23 a.

Jezi di li: Frè w la va leve vivan ankò.

Mat reponn li: Wi mwen konn sa. . . li gen pou l leve vivan ankò nan dènye jou a.

Jezi di li: Mwen se larezirèksyon, e. . . lavi:sila ki kwè nan mwen, menm si li mouri, li gen pou li viv ankò:

E nenpòt moun k ap viv e ki kwè nan mwen p ap janm mouri. Ou kwè sa?

Li reponn li: Wi, Seyè: Mwen kwè ou se Kris la, Pitit Bondye, ki te gen pou vini nan lemonn.

⁵⁹ E pou yon sijè mwen swete itilize twa mo sa yo: *Ou Kwè Sa?*

⁶⁰ Mwen te li yon istwa kèk tan de sa. Mwen kwè se te yon fiksyon. E majorite minis yo, mwen devine, yo li liv Doktè Ingraham lan *Prens Nan Kay David La* Se yon gran liv. Se, mwen kwè, li konplètman epwize. M ta renmen yo enprime li, konsa m te ka pase l bay moun yo.

⁶¹ E ladann, mwen t ap li yon ti atik sou Laza, epi sou Jezi, ak Mari, ak Mat, ke, sè Laza yo. E mwen t ap li ladann ki kote Jezi te abite, mwen kwè, avèk Mat e Mari. Yo te toulède jèn fi Ebre ki emab. Epi Laza t ap aprann oswa antrene pou vin yon eskrib nan tanp lan, pou ekri lèt lalwa pou sakrifikatè yo.

⁶² E Jezi te gen gwo amitye, avèk Laza espesyalman. Lè nou li nan liv la kote Li te vin lakay yo, epi Mata te on ti jan anreta pou ap koute pawòl Li, men li te gen pou prepare dine a epi ranje

tab la, men Mari te rete chita nan pye Li. E Jezi te di ke Mari te chwazi meyè bagay yo.

63 Epi, yo di nou ke Laza se sila ki te mennen Jezi bay Jan, nan istwa ki nan liv Doktè Ingraham yo, epi . . . nan liv *Prens Nan Kay David La*. Poutan, sa te ka pat vrè, m pa konnen, men jis pou kontèks li, men Li te sipoze ap viv avèk yo.

64 Bon, nou aprann semèn pwochenn lan, semèn pase a, pito, ke Jezi te di nan Sen Jan 5:19, “Mwen . . . Pitit la pa ka fè anyen pa Limenm, sèlman sa Li wè Papa a ap fè: se sa Pitit la fè tou. Papa ap travay e Pitit la ap travay menm jan an tou.” Ou wè? “Sa li wè Papa a ap fè.”

65 Alò pou fè de sa vrè istwa reyèl la, Papa a, Bondye, dwe te pale ak Pitit Li a, Jezi, epi Li di: “Zanmi W lan, Laza, pral mouri, men se pral pou yon byen, alò kite lakay Ou. Pati, paske yo pral mande W pou priye pou li, oswa, geri li, e—e M pa vle W fè sa.” Si nou obsève istwa a alòske n ap swiv li ansanm, nou va wè ke li koresponn ak verite sa menm. Alò, Jezi, jis san avètisman oswa anyen, te elwaje de kay la epi pati al yon lòt kote, pat retounen jou swa sa. Epi Li t ale nan kèk lòt vil. E osito ke Jezi te kite kay la, alò twoub yo te konmanse.

66 E lè Jezi kite kay ou, twoub yo nan wout. Jis sonje, lè Li kite kay ou, twoub yo nan wout. Lè nou gen aktivite sosyal ak tout bagay k ap opere nan legliz nou yon fason sitèlman pafè, tankou kèk gwo tonton sèz silend Rickenbacker, epi nou kite Jezi deyò a, lè Jezi kite legliz ou, twoub yo nan wout. Wi, mesye, lè Jezi kite yon denominasyon, ke yo mete L sou kote epi yo di: “Ebyen, kounye a nou jis pa kwè ke bagay sa yo te ka jis egzaktman kòrèk,” epi nou adopte yon lòt bagay, twoub yo nan wout. Jis sonje sa.

67 Sa raple m yon istwa Seyè Jezi a, ke nou jwenn nan Liv Lik la. Ou konnen lè Li te jis yon ti gason ki te gen apeprè douzan, paran L yo te mennen L, jan koutim lan te ye chak lane, nan fèt Lapannkot la. E pandan yo te nan vil Jerizalèm nan fèt la epi yo te gen yon bon tan, nou wè nan Bib la, ke yo te pati depi twa jou san Li. E ke yo te panse petèt, yo te jis pran pou garanti, ke Jezi dwe te nan mitan kèk moun ki pwòch yo. Bon, nou pa ka fè sa. Lè yo te vini pou y al bò kot moun ki pwòch yo pou yo wè, Li pat la.

68 Epi nou pa ka pran sa pou garanti, jis paske nou se Metodis, Batis, Presbiteryen, Pannkotis, epi baz nou ak zansèt nou yo se te gran kwayan, nou jis pran li, ebyen, pou garanti, Jezi avèk nou. Nou pa ka fè sa. Nou dwe antre an kontak avèk Li chak jou epi chak minit. O, mwen renmen sa.

69 Mwen vle sa Bondye ye kounye a. Sa paran m yo te genyen, sa aryè paran m yo te genyen, se te mèveye, men (Sa yo te genyen an li bon.) m panse nou pi lwen sou wout la.

⁷⁰ Ann wè kisa Li ye jodi a. M pa bezwen gade dèyè pou m wè kisa Mesye Moody te fè, paske nou pi lwen sou wout la ke Mesye Moody. Pwoblèm ak legliz nou yo: nou gade dèyè epi nou di: “Ebyen, ann wè kisa Mesye John Wesley te di, kisa kèk nan lòt yo te di.” Se pou rezon sa a lasyans si tèlman pi lwen nan domèn yo, ke larelijyon ye nan pa l.

⁷¹ Isit la twasan zan de sa, yon savan fransè te pwouve ke si nou ta va ap kouri ak yon vitès tèrib de senkantsis kilomèt alè, gravitasyon t ap soulve nou anlè tè a. Ou panse ke lasyans ta va refere a sa jodi a? Y ap kouri a twa mil senkantuit kilomèt alè e y ap kontinye ankò. Y ap pike devan, y ap gade devan. Men nou vle gade dèyè epi wè sa Moody te di; sa Sankey te di; sa Finney te di; Knox, Calvin; kèk nan sa yo. Sa yo te di se te kòrèk. Sa se te pou laj yo a, men n ap avanse.

⁷² Granpè m te konn kondwi yon kabwèt bèf. M ap kondwi yon Ford V8. Pitit mwen ap vole nan yon avyon a reyaksyon. Se sa, n ap avanse. Se sa relijyon ta dwe ye. Vini Seyè a pwòch. Legliz ta dwe ap avanse nan pwisans li yo. Lasyans kapab elve jouk yon sèten nivo epi li dwe rete, men nou gen sous ki paka epwize, ke yo pa t janm touche, konsènan pwisans, ilimite, nan Bondye, kote nou ta dwe antre pou n avanse. N ap viv yon milyon kilomèt anba privilèj nou aswè a, privilèj ke Kreyen yo dwe ap jwi. M santi m wont de mwen lè m ap gade bò isi a epi pou m wè sant sikyatrik yo, ak malad yo, ak pwoblèm ki genyen kounye a. Legliz nou yo ta dwe ap mache nan lari a, ap geri malad, resisite mò, chase demon, ap fè siy ak pwodij, ap fè lemond antye reyalize ke Jezikri ap viv. Se sa nou bezwen fè.

⁷³ Ebyen, nou di: “Mesye Moody pa janm . . .” Mesye Moody pa t ap viv nan tan jodi a. Se vre. N ap viv pou Vini Seyè a. E nou jis te pran sa pou garanti ke Li te avèk moun nou yo. Men lòt jou lè nou pwovokatè te defye Mesye Graham, nou wè ke Li pa t pami moun nou yo.

⁷⁴ Ki kote yo jwenn Li? Ki kote—ki kote yo te jwenn Jezi? Jis kote yo te kite L la. Ki kote yo te kite L? Nan fèt Pannkot la. Ki kote nou kite Jezi, ki kote legliz la te fè l? Nan fèt Pannkot la. Lè nou elwaye nou de pwisans Pannkot ansyen tan sa a ak fèt Pannkot la, nou elwaye nou de Jezi. Se egzaktman sa, zanmi. N ap viv anba privilèj nou. Wi, mesye.

⁷⁵ Yo te kite L nan fèt Pannkot la, e men sèl plas ke Metodis, Batis, Presbiteryen, ak Pannkotis ap jwenn Li, se retounen kote nou te kite L la. Kote lajwa Seyè a? Kote pwisans Seyè a? Legliz la mande jodi a: “Kisa—kisa k pase ak Bondye istwa a?” L ap tann pou pèp Li a rele L sou sèn lan. Men . . .

⁷⁶ Nou pa ka fè l ak denominasyon yo. Nou pa ka fè l ak sikoloji. Nou pa ka fè l avèk aritmetik, oswa nou pa ka fè l avèk enstriksyon. Nou separe tèt nou, divize tèt nou. Nou pa divize. Nou se yon sèl moun tout bon nan Kris Jezi. Nou tout se youn

nan Kris, e denominasyon nou yo p ap janm fè l. Osi bon ke yo ye, yo p ap fè l. Enstriksyon nou se pi gran antrav Levanjil la te janm genyen, se enstriksyon.

⁷⁷ Sa nou bezwen se pa enstriksyon. Nou bezwen pwisans ak demonstrasyon Sentespri a retounen nan legliz pou demontre pwisans lan. Jezi pa t janm di: “Ale nan lemonn antye epi—epi anseye.” Li pa t janm di: “Ale nan lemonn antye epi fè. . .” Li di: “Ale nan lemonn antye epi preche Levanjil.” E Levanjil la se demontre pwisans Sentespri a, rezirèksyon an. Nou ankò a yon milyon kilomèt pi ba ke kote nou ta dwe ye. Ann avanse. Ann retounen kote nou te kite L la nan fèt Pannkot la.

⁷⁸ Jezi di, nan Jan, mwen kwè, chapit 15 lan, Li di: “Mwen se Pye Rezen an; nou se branch yo.” Ebyen kounye a, si Pye Rezen an pouse premye branch lan, e apati de branch sa a gen yon Liv Ak ki te ekri, dezyèm branch lan va fè yon lòt Liv Ak. Twazyèm branch lan va fè yon lòt Liv Ak. E tout branch ki va soti nan Pye Rezen sa a va menm bagay ke premye branch lan te ye a.

⁷⁹ Kounye a, nou ka grefe, nou konnen sa. Mwen te wè yon pye sitron avèk apeprè uit diferan kalite fwi sou li. M te wè yon pye zoranj ke yo te mete chadèk, ak sitron, ak tout lòt bagay sou li, men yo te ratache nan li.

⁸⁰ Se pwoblèm nan sa jodi a. Nou ratache ak ide nou yo, ratache ak denominasyon nou yo, men si jamè pyebwa sa a pouse yon lòt fwi rezen, pou tèt li, se va tankou orijinal ki te plante a. Alelouya! O, legliz va an amoni ansanm, men nou bezwen pwisans orijinal la. Nou bezwen Sentespri a, pwisans rezirèksyon Jezikri a. Se sa Li di nou pou n fè.

⁸¹ “Mwen se Pye Rezen an, nou se branch yo.” Si pye rezen an pwodui yon branch, epi li vin avèk bèl rezen ble, pwochen branch li pouse va gen bèl rezen ble sou li. Si premye Pye Rezen an te soti, epi li te tonbe anba enpak Sentespri a, e yo te fè gran mirak, ak siy, epi yo te sele temwayaj yo bay yon mond. . . Menm anpil ladan yo avèk pwòp temwayaj yo, yo, avèk san yo, yo te sele temwayaj yo. Yo te pase pa tout sòt de peril ak tout bagay pou pote Levanjil la. Yo te soufri; yo te bat yo; yo te pini yo. “Eske nou dwe ale nan Syèl, sou yon kabann konfòtab ranpli ak flè, alòske lòt yo te lite pou ranpòte pri a, e yo te navige sou lanmè ranpli ak san?” Kisa nou espere fè? “Mwen dwe lite si m dwe reye. Ogmante kouraj mwen, Seyè.” Sètènman. Nou bezwen yon. . .

⁸² Nou pa bezwen yon nouvo denominasyon. Nou pa bezwen yon nouvo bilding legliz. Sa nou bezwen jodi a se yon vye revèy Pannkotis tankou lontan, natirèl, k ap touye peche, ki ne nan Pannkot epi ki retounen nan legliz ankò, pwisans Sentespri a ankò, pou mennen Jezi sou sèn lan.

⁸³ Bondye k ap fè istwa a toujou parèt sou sèn lan nan yon moman kritik. Nou bezwen sa. Se sa pwoblèm lan avèk legliz nou an jodi a. Nou retounen deyè twò lwen. Nou tonbe nan mòdèl

mond lan. Epi gradyèlman, ane apre ane, li konmanse mouri yon ti kras epi li seche.

⁸⁴ Se pral tan pou netwaye branch byento. Bondye pral koupe l osi sèten ke mwen kanpe dèyè chè sa a. Bondye pral koupe l pou fè l pote fwi. Li pral koupe zèv lemond soti nan li youn nan jou sa yo. Ala yon wont, fason legliz ap konpòte l sou non larelijyon.

⁸⁵ E nou wè, lè Jezi pati, lanmò enstale. Lè Jezi kite legliz nou an, pwisans Sentespri a kite legliz nou an, li konmanse diminye epi—epi li mouri. Epi apre yon ti tan pa gen anyen k rete nan li. Bon, lè Jezi pati, lanmò enstale. O, ala yon tan tris sa te ye.

⁸⁶ E remake, yo te poze tèt yo kesyon, e yo te voye chache Jezi, men Li pa t vini. Yo te voye chache L ankò, epi Li pa t vini, men Li te konnen kisa L ta pral fè. Li konnen aswè a, kisa L pral fè. Sa pa pèdi avèk Li: Li konnen egzaktman kisa L prepare pou fè. Li pral sisite yon pèp, jis osi sèten ke m kanpe dèyè chè sa a. Li va sisite yon pèp ki pote Non Li pami jenerasyon Moun lòt Nasyon yo. Li va fè l.

⁸⁷ Se tan pa Jwif yo ki tou pwòch kounye a, e pa Moun lòt Nasyon yo ap fini, paske yo jis te demake. Yo rejte Kris; yo rejte siy pa yo a; yo rejte tout bagay ki rele pyete, epi yo ba l etikèt tankou yon sòt de telepati oswa pouvwa dyabolik epi fè. . . Y ap blasfeme Sentespri a epi elwaye yo de Bondye. E Bondye pral pran ti minorite sa a, apre yon ti moman, epi transfòme pou vin yon Legliz pwisan, epi retounen Lespri a bay Jwif yo, epi mennen Legliz Moun Lòt Nasyon yo lakay. Se egzaktman sa. Li nan preparasyon an kounye a. Ebyen, nou nan fen tan an, prèske.

⁸⁸ Jezi, Te konnen. Epi apre yon ti moman Li te di: “Zanmi nou Laza ap dòmi.”

⁸⁹ Ebyen, disip yo te panse li t ap pran yon ti repo. Li di: “Ebyen, si l ap dòmi, li pote l trè byen.”

⁹⁰ Ebyen, Li di nan . . . mo pa yo, pou ke yo te ka konprann, Li di: “Li mouri, e poutèt noumenm M kontan M pa t la.” Ou wè? “Poutèt noumenm, M kontan M pa t la.” Paske yo ta pral mande L pou—pou geri—pou geri l, men Li te konnen Li pa t kapab fè l, paske vizyon an te ankò. . . apre kat jou sa yo Li te konnen ke se te lè ke Papa a te di L. Ala bèl; Li di bò tonb lan: “Papa, Mwen remèsye W, Ou deja tande, men Mwen jis di sa pou sila yo ki kanpe la.” Ou wè? Li te deja konnen kisa Li ta pral fè. Li di: “M pral reveye l.”

⁹¹ Kounye a, mwen ka imajine m ti fwaye sa a te reyèlman brize. Moun ki t ap founi pen an te pati, tristès. O, se mèveye lè w gen yon fwaye ki tris oswa yon kè ki tris, epi Jezi parèt toudenkou, èske se pa sa? M ka imajine m Mata, yon bèl ti fanm ak yon vwal nwa sou figi li, avèk ti Mari, epi yo kenbe youn lòt, y ap di: “Kisa nou pral fè? Papa nou ak Manman nou pati, e presye frè nou an. . . Kounye a, nou te kite legliz, e yo te ekskominye nou, e nou

te kite pou n swiv Jezi de Nazarèt. E Li retire kò L yon kote, epi L kite nou.”

⁹² M ka tande yon kritikè ki vini epi ki di: “Ey, kote Gerisè Diven sa a, Pwofèt Galile sa a? Kote L ye kounye a? Ou wè, kan reyèlman lè a rive pou L fè yon bagay, Li pati.” Men ni. Ou wè, Bondye jis renmen fè sa, jis pou kite moun yo, jis, kite moun yo montre kisa yo ye, wi, jis teste yo pou wè kisa yo ye reyèlman. Li ba yo yon benediksyon. Li parèt, Li montre Tèt Li, Li prezante Tèt Li bay moun yo, jis pou wè ki jan de reyaksyon yo va genyen, jis pou wè kisa yo va fè ak sa.

⁹³ Bon, nou wè alò, aprè kèk—kèk jou, kat jou, pòv Laza te mouri. Yo te antere l. Dezyèm jou, twazyèm jou, katriyèm jou. . . Bon, nenpòt moun konnen koripsyon enstale apre twa jou: nen an tonbe sou figi a, an premye. Epi koripsyon an enstale; vè ki nan kò a kòmanse manje kò a. Yo te mete l anba tè, yo te mete yon gwo wòch devan antrè gwòt la kote yo te depoze l la. Epi detanzantan, jèn fi yo te konn ale epi ajenou devan tonb lan pou ap kriye.

⁹⁴ Epi apre yon ti moman, nouvèl yo kòmanse sikile: “Jezi rive. Nou wè L ap antre nan vil la.” O, ti Mata sa a, ki te sitèlman, sanble, sitèlman te vle voye sa pou pita, li te pwouve alò de kisa li te fèt. Men manzè k ap vini. Li sou wout li, l ap kouri al chache L. M ka tande kèk nan yo sou wout la ki di: “Ebyen, m devine ke w satisfè kounye a, ke relijyon w lan fo.” Li te jis inyore yo epi li te kontinye, san l pa t fè ka de tout kritik yo. Li te desann jouk li te wè L, petèt Li te chita nan kwen lari a.

⁹⁵ Bon, sa sanble, li dwe. . . li dwe te gen dwa pou repwoche L epi—epi pale mal avè L. Ebyen, li pa t kouri epi pou l di: “Gade, gade, Oumenm. Ou sipoze yon Pwofèt, yon Òm de Dye. Poukisa Ou pa t vini lè nou te rele W? Ebyen, y ap griyen dan sou nou nan vil la kounye a. Nou kite legliz nou pou swiv Ou.” Sanble li te gen yon dwa. Men ou konnen, jis tankou m te preche sou, *Ayo A Ak Kolonm Lan*, si nou se yon ayo, ayo a abandone tout dwa li genyen. Se egzakteman sa. Li pa gen okenn bagay ke lèn, alò li dwe abandone sa. E ou abandone tout dwa ke w genyen pou sèvi Bondye. Se egzakteman sa.

⁹⁶ M t ap repwoche fanm yo sou fason yo pote vyep ti rad sa yo, ou konnen, epi yo di: “Ebyen, nou se—nou se Amerikèn. Nou ka fè sa nou vle.”

⁹⁷ Mwen di: “Se egzakteman sa, men si w se yon ayo, w ap abandone dwa w yo.” Fimen sigarèt epi konpòte w mal konsa, se bagay ki pi mal yon fanm janm fè. Se egzakteman sa.

⁹⁸ Yon dam te di m, sa pa fè lontan, li t ap pale avè m, li di: “Men, Frè Branham, yo pa fè lòt kalite rad.”

⁹⁹ Mwen di: “Men yo fè machin a koud ankò epi yo vann twal. Pa gen ekskiz pou sa ditou.” Se egzakteman sa.

100 Sonje, yon jou, ou kapab pi isi a pou mari w, men ou va reponn pou adiltè pou sa, jis osi sèten: “Nenpòt moun ki gade yon fanm pou konvwate l, deja komèt adiltè avè l nan kè l.”

101 Ki pwoblèm ki genyen ak fanm Pannkotis yo jodi a, se sa m ap mande m. Kijan nou fè elwaye nou de ansyen liy ki trase a. Kijan manman nou te konn abitye pote cheve long, epi jodi a fanm Pannkotis yo makiye tankou yon bann Madi Gra, epi yo koupe cheve yo, epi yo mete vye ti rad kout konsa, jis tankou tout rèz la . . . yo soti deyò epi y al koupe gazon nan apremidi, kan gen gason k ap pase, èske w reyalize, fanm, ke w pral gen pou w reponn poutèt ou komèt adiltè ak mesye sa yo? Ou prezante tèt ou ba yo nan bi sa. Se yon move lespri ki sou legliz ak moun yo, e yo pa konn sa. Avèg e yo pa konn sa. Se laverite.

102 Petèt ou ka di mwen pa gen dwa pou m di sa antan ke evanjelis. Ebyen, mwen—mwen dwe swiv kondwit Sentespri a; se tou sa m ka di. Ou . . . Si m rankontre w nan jijman an, alò mwen p ap oblije gen san w nan menm. Elwaye w de chak ti moso teren ki sanble ak Satan. Rete lwen de sa. Elwaye w de sa. M pa bezwen konnen konbyen vedèt televizyon . . . Ou pa yon vedèt televizyon, isi a; ou se yon pitit fi Bondye.

103 M te preche nan legliz yon pastè lòt jou maten, apwopo yon ansyen esklav, nan tan yo te konn ap vann esklav sa fè lontan. E yo te abitye vini epi achte yo an piblik. Epi moun yo te la, y ap kriye, rele, akoz de patri yo; yo pa t ap janm retounen ankò. E yo te dwe fwete yo. E yo te konn achte yo jis tankou ou ta achte yon otomobil, jis pou nenpòt bagay, yo fè pri yo, epi yo te vann èt imen sa yo.

104 E yon jou, yon achtè vini, yon koutye, ki sot nan yon gwo fonda- . . . yon gwo plantasyon, pito. Epi li di: “Konbyen esklav ou gen pou w vann?”

105 Li di: “Ebyen, m gen kèk pou m troke.” Yo t ap eseye fè yo gwosi. Yo konn pran manman yo, papa yo . . . Si fanm li te marye avè l la te on ti fanm mèg, yo konn pran gwo nonm ki an sante yo epi yo fè yo repwodui . . . tankou chwal ak zannimo. Sa pa t janm kòrèk. Bondye fè lòm. Lòm fè esklav. Sa pa kòrèk pou kòmanse, jamè. Bondye pa gen entansyon pou okenn moun esklav. Non, mesye. E pa . . . Gade sa k pase.

106 Alò nan mitan tout bagay sa, kanmarad sa di: “Ebyen, m ta renmen achte kèk nan yo . . .” Li te remake on jèn kanmarad la. Yo pa t bezwen fwete l. Manton l te leve, tèt li te leve, jis tankou yon vrè mesye, ki t ap pwonmennen. Epi koutye a di: “M ta renmen achte limenm.”

107 Li di: “Men li pa pou vann.”

108 Li di: “Ebyen, poukisa?” Li di: “Èske se li ki chèf?”

109 Li di: “Non, li se yon esklav.”

110 “Ebyen,” li di, “poukisa? Èske w nourì l pi byen pase rès lòt yo?”

111 Li di: “Non. Li manje nan kantin lan ak rès lòt yo. Li se yon esklav.”

112 Li di: “Kisa k fè l sitèlman diferan de rès lòt yo?”

113 E chèf la di: “M te mande m sa poutèt pa m pandan lontan, men yon jou mwen te dekouvri. Laba nan peyi li, papa l se wa tribi a. E malgre l se yon etranje lwen lakay li, li toujou konnen li se pitit yon wa epi li konpòte tèt li tankou youn.” Si sa . . . Si yon natif natal Afriken te kapab reyalize ke papa l se yon wa, epi pa bò isi a li se yon etranje nan yon peyi etranje li kontinye kwè ke lòt bò lanmè a li se pitit yon wa, kouman fanm yo ak mesye yo ta dwe konpòte tèt yo lè nou se pitit gason ak pitit fi Bondye? Aji menm jan an. Sètènman. Kondwi tèt nou byen; netwaye tèt nou epi aji tankou pitit gason ak pitit fi Bondye. Se pa etonan, gade yon kondisyon.

114 Men nou. O, ti Mata, vin kouri sot deyò. Ta sanble li ta gen yon—yon rezon pou di yon bagay kont Li. “Poukisa Ou pa t vin kot frè m lan? Gade sa nou fè pou Ou, epi Ou kite nou tonbe.” Ebyen, si l te di sa, istwa a pa t ap janm fini fason l te fini an. Non, mesye. Se fason ou apwoche don Diven Bondye a. Si Bondye voye yon don, ou dwe apwoche l byen. Si w te janm espere resevwa on bagay de sa, ou ta dwe apwoche l kòrèkteman. E Mata te konnen sa. Li te li pwobableman apwopo fanm Sinamit lan ak bebe li a. E li . . . Si fanm Sinamit sa a te konnen ke Bondye te nan Eli, konbyen plis Li te nan Jezi? Sètèn.

115 Alò, li te ale avèk yon bòn apwòch. Li te kouri tonbe nan pye Li. Mwen renmen sa! Li te tonbe nan pye L e li te di: “Seyè. . .” Sa se tit kòrèk Li. Se sa L te ye. Li te Seyè l. “Seyè, si Ou te la, frè m lan pa t ap mouri.”

116 O la la! O, m ta ka jis imajine wè gran kè Li pandan L t ap gade bèl fanm sa a, dlo nan je ap koule desann sou machwè l yo. Li te di: “Seyè, si Ou te la, frè m lan pa t ap mouri.” Gade sa l di. “Men menm kounye a, Seyè, malgre li mouri, malgre vè nan po l ap mache nan kò l, menm kounye a, Seyè, kèlkeswa sa Ou mande Bondye, Bondye va ba Ou l.”

117 O, men sekrè a. Ou ta ka di: “M te apante tout lopital. Doktè a di mwen pral mouri, men menm kounye a, Seyè. . . Mwen fin andikape nèt avèk atrit; M pa ka bouje, men menm kounye a, Seyè. . .”

118 Ti bebe sa a te gen yon tèt anfle ak dlo apeprè grosè sa yè swa. Pa gen anyen nou ka fè. li ta ka elaji epi fè eklate ti tèt li a epi fè l mouri: “Men menm kounye a, Seyè. . .” Li se toujou menm Bondye a. Li se toujou menm Seyè a. “Menm kounye a, Seyè. . .” E Li chita adwat Bondye Toupwisan an, ap fè entèsesyon sou bagay ke nou deklare ke Li fè pou nou.

119 Kounye a, mwen santi onksyon an tout bon. Wi se sèten. Ou pral rele m yon egzalte nenpòt fason, alò ou mèt kòmanse touswit, epi fini ak sa.

120 Alò, wi, mesye: “Menm kounye a, Seyè, kèlkeswa sa Ou mande Bondye, Bondye va fè l.”

121 “Mande Papa a nenpòt bagay nan Non M, Mwen va fè l,” Jezi te di sa.

122 “Menm kounye a, Seyè, kèlkeswa sa Ou mande, Bondye va ba Ou l.” O, sa dwe te tounen nan gran kè Li a.

123 Li di: “Frè w la va viv ankò.”

124 Li di: “Wi, Seyè. Li va viv. Li te yon bon gason. Li va resisite pandan rezirèksyon jeneral la nan dènye jou a.” Jwif sa yo te kwè nan rezirèksyon jeneral. “Li va resisite nan rezirèksyon an nan dènye jou yo.”

125 Gade Li. Li te redrese ti kò L ansanm. Li te di: “Mwen se Rezirèksyon an ak Lavi.” O la la. Pa janm te gen yon nonm ki te ka di sa anvan. P ap janm gen youn apre sa, ki ka di l. Se Limenm sèl ki ka di sa. “Mwen se Rezirèksyon an ak Lavi,” Seyè a te deklare. “Sila ki kwè nan Mwen, menm si l te mouri, li va viv kanmenm. E nenpòt moun k ap viv e ki kwè nan Mwen p ap janm mouri. Ou kwè sa?”

126 Li di: “Wi, Seyè.” O, li te konnen yon bagay t a pral rive. Sa dwe fèt.

127 Lè lafwa ki sot nan yon kè onèt rankontre Bondye, angrenaj sa yo jis rankontre ansanm *konsa*. Yon bagay dwe rive. Mwen bay oditwa sa defi aswè a, nan Non Jezikri, kite fwa w konekte ak Bondye konsa, nan kèk minit nou va gen yon lòt Pannkot. T ap gen yon kalite de revèy nan vil sa, ke pa t ap gen ase polisye nan peyi a pou retni yo. Se vre. Pral gen yon vrè revèy. “Menm kounye a, Seyè. . .”

128 “Ebyen, Seyè, yo te deja pran nou ak *sesi*; nou te fè *sesi*, epi nou te fè *sela*.” M pa bezwen konnen sa w te fè: “Menm kounye a, Seyè. . .” L ap tann ou rele L. Li. . . “Ou kwè sa?” Sèten. Wi, mesye. “Menm kounye a, kèlkeswa sa W mande L. . .”

129 “Ki kote nou te mete l?” Kounye a, Li desann al nan tonm lan. Li te moun ase pou l te kriye; Li te Bondye ase pou resisite mò.

130 Isi a kèk tan de sa, yon fanm ki fè pati de yon sèten gwoup moun. . . M pa t janm pran abitud pou m mansyone denominasyon. Men fanm sa a. . . Yo pa kwè ke Jezi te Diven. Yo di Li te jis yon pwofèt. Kounye a, Li te. . . Si L te jis yon pwofèt, nou tout nan peche. Li te oswa Bondye, anyen lòt ke Bondye, oswa pi gran sediktè lemonn pa t janm konnen. Se sa. Li te plis ke yon nonm. Manzé te reponn: “Li pa t Diven.”

131 Sitèlman gen bagay sa nan levanjil sosyal sa a jodi a; k ap eseye fè de Jezikri yon pwofèt. Franchman, Li te Bondye pwofèt yo. Li te sa se sèten.

132 Li di: “M pral pwouve w sa avèk Bib ou a, ‘Li te jis yon nonm.’”

133 Mwen di: “Pwouve l.”

134 Li di: “Lè L t ale devan tonm Laza a, Bib la di, ‘Li te kriye.’ Li te oblije yon mòtèl sinon Li pa t ap ka kriye.”

135 Mwen te di: “Madam, èske se sa ki Ekriti w la?” M pa vle sakrilèj isi a pou m di sa, men m ap di nou kisa m te di l.

136 Li te reponn: “Se sa.”

137 Mwen te di: “Deklarasyon sa a pi fèb pase yon bouyon ki fèt avèk lonbraj yon poul ki te mouri ak grangou.” Mwen di: “Ebyen, ou—ou pa gen anyen pou w kanpe sou li.”

138 Li di: “Ebyen, Li te kriye. Sa montre Li te mòtèl.”

139 Mwen di: “Li te alafwa mòtèl epi imòtèl. Li te Bondye nan lachè.”

140 Li di: “O, sa pa gen sans!”

141 Mwen di: “Li t al nan tonm lan ap kriye. Se sifizaman vre, men lè Li te redrese ti kò L. . .” Bib la di: “Li pa t gen anyen pou atire rega nou; Li pa t gen okenn bote pou fè nou plezi.” Men lè Li te voye zepòl Li a dèyè epi Li te di: “Laza, soti,” e yon nonm ki te mouri depi kat jou epi ki te pouri nan tonm lan, te soti. Se te plis ke yon nonm. Montre m nonm ki ka fè sa. Kisa sa te ye? Koripsyon te rekonèt Mèt li. Lavi te konnen Kreyatè li. Yon bagay te dwe rive. Li te pale epi yon nonm ki te mouri epi ki te nan tonm depi kat jou, te resisite, epi li te kanpe sou pye l, epi li te vivan. Alélouya! Sa se te Bondye nan Pitit Li a. Wi, mesye. Sa se te Bondye ki t ap devwale Tèt Li nan Li, Pitit la. Sa se te Bondye ki t ap pale, e pa yon nonm.

142 Li te yon nonm lè Li te voye je L gade pyebwa sa a jou sa a pou l jwenn yon bagay pou manje. Li te yon nonm. Men lè Li te pran senk ti pen ak de pwason epi Li te nouri senk mil, sa se te plis ke yon nonm. Sa se te Bondye ki t ap nouri yo la. Li te plis ke yon pwofèt, plis ke yon nonm, Li te yon Om-Dye. Sèten.

143 Li t ap dòmi dèyè ti bato sa a jou lannwit sa, e lanmè a ki t ap fè raj epi bondi tankou yon bouchon boutèy nan lanmè pwisan sa a, alòske dimil demon nan lanmè a te jire yo t ap neye L jou lannwit sa a. Li te yon nonm, fèb epi fatige paske Li te sot priye pou malad yo, li te lonje dèyè a la; e van an pa t menm deranje L. Li te yon nonm lè Li t ap dòmi, men lè Li te reveye, Li te mete pye L sou bò bato a, li te leve je l anlè, epi Li di: “Lapè, rete trankil,” e van yo ak vag yo te obeyi Li, sa se te plis ke yon nonm. Sa se te Bondye nan lòm, ki t ap devwale Tèt Li. Se vre.

144 Li te yon nonm sou kwa a lè Li t ap kriye pou mande pitye. Lè Li te kriye epi Li te di: “Mwen swaf,” sa se te yon nonm. Lè Li te mouri, Li te yon nonm, men jou Pak nan maten lè Li te brize so

lanmò, lanfè, ak tonbo a, epi Li te resisite, Li te plis ke yon nonm: Se te Bondye manifeste. Se pa etonan powèt la te di:

Antan Li te vivan, Li te renmen m; antan L t ap
mouri, Li te sove m;
Lè yo te antere L, Li te pote peche m yo byen
lwen;
Lè L te resisite, Li te jistifye m nan libète pou
toujou:
Yon jou L ap vini—O, jou gloriye!

¹⁴⁵ Li di: “Paske M ap viv, w ap viv tou. Ou kwè sa?” Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Ou kwè sa? Mwen kwè Sentespri a isi a la kounye a. Ou kwè sa? Mwen kwè Li va ranpli nou ak Prezans Li. Ou kwè sa? Mwen kwè Sentespri a vle devèse Prezans Li, geri malad yo, fè tout moun ki pa gen Sentespri a ranpli. Ou kwè sa? Èske nou kwè ak tout kè nou? Ann leve kanpe sou pye nou epi ba Li lwanj. Mwen kwè Li pral tonbe sou nou kounye a menm.

¹⁴⁶ O Seyè Bondye, Kreyatè syèl ak tè a, Otè Lavi Etènèl, Donatè tout don ki bon, nou “Ou kwè sa,” Seyè. Nou kwè ke se Ou ki isi a nan reyinyon an. Nou kwè ke se Ou k ap beni nanm nou. Nou kwè ke se Ou k ap devèse Lespri Ou sou nou. Nou kwè ke Ou se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Nou kwè Ou vivan pou tout tan epi non nou ekri nan Liv Lavi Ayo a. Tout syèl la ak tè a gen pou disparèt, men nou va viv pou tout tan, paske W ap viv pou tout tan. Seyè, Ou te pwomèt nou sa. Nou kwè li ak tout kè nou. Ak tout sa k nan nou, nou kwè l, Seyè. Mwen renmen L, mwen renmen L.

¹⁴⁷ Èske nou kwè Li? Mwen kwè ke se Sentespri a. Gen yon Bagay k ap tonbe sou nou. Ou kwè sa? Mwen kwè Li vle geri chak moun kounye a menm. Ou kwè sa? Leve men w ba Li. Leve kanpe sou pye w. Ou kwè sa? Sentespri a isi a. Sa se Sa a! Pyè te di: “Sa se Sa a.” Sa se Sa, Sentespri a.

¹⁴⁸ O Seyè, Kreyatè syèl la ak tè a, voye pwisans Ou, ak benediksyon W, ak bonte W sou pèp sa a, epi beni kè yo, epi pèmèt yo wè ke Fis de lòm lan demere vivan pou tout tan. Akòde l, O Seyè. Nou prezante yo ba Ou, lan Non Jezikri, Pitit Bondye a.

¹⁴⁹ Nenpòt moun ki pa gen Sentespri a, leve men w epi louwe Bondye. Mwen kwè Li va tonbe sou ou. Yon moun poze men sou yo. Se moman an. Poukisa n ap tann pi lontan? Se moman an. Se moman an pou Lapannkot, pou ap retounen jwenn Bondye. Mete nou an òd ak Bondye, Pannkot! Kite pwisans Bondye vivan an estimile kè w. Kite Lespri Li vin aji nan ou, ranpli nanm ou. Li isi a sware apre sware, isi a pou geri malad yo, pèmèt avèg yo wè, atravè gran pouvwa pwisan an Li pwouve Limenm Li demere menm lan a jamè. Alelouya!

¹⁵⁰ Louwe Li. Leve men nou. Bliye kote w ye; jis konnen ke ou ozalantou Li, epi bonte Li, ak glwa Li, ak pwisans Li, ak

mizerikòd Li dire pou tout tan. Li se menm lan pou tout tan. Ke Non Seyè a beni. Alelouya! O, lwanj pou Sen Non Li.

¹⁵¹ O, ala Li mèveye, ala Li pwisan. Konbyen moun ki vle konsakre vi yo bay Bondye kounye a menm, ankò? Leve men nou. Konbyen ki vle konsakre vi nou bay Bondye? Se sa. Leve men nou. Ann wè Lapannkot. Ann wè pèp Bondye a. M ap leve men m. “Seyè, men mwen. Voye m.” Pran yon Anj epi avèk chabon sou lotèl la pou voye pwisans Ou sou nou, Seyè. Bondye, akòde l nan plenitid Lespri Ou, O Papa. Tande priyè nou, O Seyè. Tande priyè nou, tankou timoun kwayan ki kanpe. Lwanj pou Non Li.

¹⁵² O, se tankou vag laglwa k ap desann, o, gout woze mizerikòd. O, lwanj pou Bondye. Se pou nanm nou rete tann. Ou kwè sa? Ou kwè sa? Se Sentespri a ki vini. Sa se fòs envizib la ki kondwi nou nan Wayòm Bondye a, benediksyon Pannkot yo. Retounen lakay. Y ap tann nou retounen lakay. Nou se moun presye. Bondye vle nou konsakre nou. Fanm yo, netwaye nou. Mesye yo, netwaye nou. Ann retounen jwenn Bondye epi sèvi Bondye ak yon kè vrèman pwòp.

¹⁵³ Lwanj pou Bondye, Sentespri a nan reyinyon an. Jis fè sa w santi w kondwi pou fè. Jis kite Sentespri a aji nan ou. Pa gen anyen m ka di. M jis pa konn kisa pou m di kounye a. Sentespri a toupatou nan bilding lan. Ke Non Seyè a beni. Lwanj pou Seyè a. O, alelouya! Alelouya! Lwanj pou Seyè a. Lwanj pou Seyè a. Ala mèveye, ala gloriye. . . Ala bèl, ala mèveye lwanj sen Bondye yo sou figi nou, pa Prezans Sentespri a isi a k ap bouje epi k ap montre nou glwa Li ki soti nan gran militid sa yo ki annakò, k ap louwe Non Li.

¹⁵⁴ Tounen epi bay lanmen ak yon moun, di: “Lwanj pou Seyè a, frè. Lwanj pou Seyè a, sè.” Annou wè epi kite Bondye brase nou. Lwanj pou Seyè a. Se sa. Nou tout Metodis, ak Batis, ak Presbiteryen, ak Pannkotis, ak Advantis Setyèm Jou yo, e kèlkeswa sa w ye a, bay lanmen youn ak lòt nan Prezans Seyè Bondye a. Se sa. O, alelouya! Alelouya! Alelouya! O, mwen sitèlman kontan m se youn nan yo. Mwen sitèlman kontan. O, kraze mi yo, jete salte yo. Glwa! Libète nan Seyè a, lwanj pou sen Non Li. . . Ke Non Seyè a beni. O, alelouya! Lwanj pou Bondye.

¹⁵⁵ O, m jis renmen wè sa: moun k ap bay youn lòt lanmen ak figi yo k ap briye ak limyè. Pwisans Bondye ki di: “Se sa. Se sa, nou se pitit Bondye. Nou tout fòme yon gwo kokenn chenn legliz, yon gwo kokenn chenn moun nan Kris Jezi, Lepouz Li, Sila ki gloriye a.” Vini Seyè a ap apwoche. Pèp Li ap rasanble ansanm epi yo renmen yomenm. . . ak lanmou epi pwisans Prezans Li. O, se tankou Syèl la. O, sa a bon. Amèn. O, ala gloriye, ala mèveye: jis adore Seyè a an Espri epi ak pwisans. Ala yon tan. (Se te pou rete; nou kòmanse.)

¹⁵⁶ Jis pa gen okenn. . . M di frè yo: “Frè, pa gen kote pou estope.” Pa gen okenn plas isi a ke. . . Nou pa janm kòmanse, kifè nou p ap

rete. Se jis—se jis mèveye . . . Konbyen moun ki santi yo reyèlman byen? Jis Prezans Seyè a, o la la, se mèveye, Prezans Seyè a isi a.


¹⁵⁷ Kounye a, Prezans Seyè a isi a pou geri malad yo, fè moun yo vin byen. Jis kwè Li. Èske nou kwè Li? Si nou ka kwè Li, tout bagay posib. Ou kwè sa? Èske w kwè ke sa se Prezans Seyè a?

¹⁵⁸ Kounye a, pandan nou . . . Jis ban m yon moman, jis yon moman kounye a, epi koute jis yon moman. Kite m pwouve nou se Sentespri a ki isi a. Kite m montre nou ke Sentespri a, Sila menm k ap pale a, Sila ki akonpli bagay la, konn sa. Konbyen isi a kounye a, ki te vin isi a malad? Pèmèt nou wè men w. Sila ki te gen yon maladi . . . Gen moun . . .

¹⁵⁹ Gen yon nonm ki kanpe la. Èske w kwè, mesye? Pa gen kat pou lapriyè ki te distribye, men èske w kwè ke Bondye ka geri w? Èske w kwè Li ka di m ki pwoblèm ou? Se sou bò kote w. Ou prè pou yon operasyon. Se vre. Yo rele w Mesye Cartwright. Se vre. Èske se vre? Ajite men w. Trè byen. Al lakay ou epi ke w geri, ou p ap bezwen sa. Ou kwè sa?

¹⁶⁰ Mesye sa ki kenbe bebe sa a nan bra l la, ou kwè m se sèvitè Bondye? Ou kwè sa se Sentespri a? M pa konnen w, èske se vre? M pa janm wè w nan vi m; nou se etranje. Èske w kwè Sentespri a ka di m ki pwoblèm bebe sa a? Li gen gratèl. Se vre. Èske se pa vre? Sètènman. Ou pa moun bò isi a. Non. Ou gen pwoblèm nan lestomak, w ap soufri ak sa, oumenm. Se vre, èske se pa vre? Ou soti nan Akansas City. Trè byen. Retounen, Jezikri geri w. Alelouya! Se pou w kwè. Èske w kwè sa ak tout kè w?

¹⁶¹ Men Anj Seyè a, k ap plane anlè ti—ti bout fanm sa a, ki ase aje, ki chita jis isi a, k ap soufri ak yon èni. Ou kwè Bondye va geri w ak èni sa a, sè? Oumenm, ak ti flè wouj sou chapo w la, leve men w. Trè byen. Al lakay ou epi ke ou geri. Amèn. O, se Bondye; se Kris Pitit Bondye a. Li leve soti vivan nan lanmò. Li isi a.

¹⁶² Kounye a, poze men nou youn sou lòt epi pase yon bon moman nan lapriyè, nou chak, pandan m ap mande yon moun pou vin isi a. Vin isi a, frè. Pandan nou gen men nou youn sou lòt pou montre ke Bondye geri tou, mwen gen frè a isi a pou lapriyè tou. (Kontinye. Trè byen.) Lwanj pou Seyè Bondye a. 

Ou Kwè Sa? CRE60-0402
(Believest Thou This?)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on samdi, 2 avril 1960, nan Oditoryòm Minisipal nan Tulsa, Oklahoma, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org